

## **MIZAJOU POU MAS 2021**

**Komisyon pou Taksi ak Limouzin nan Vil New York la (the NYC Taxi and Limousine Commission) salye nou.**

### **PLAN POU EDE PROPRIYETÈ MEDAYON TAKSI YO (TAXI MEDALLION OWNER)**

Anvan COVID-19 la, Sektè Taksi a nan Vil New York te fè fas ak yon kriz finansye ki grav, ki te vin pi grav toujou akòz Pandemi COVID-19 la. Depi lè Mwen te kòmanse kòm Komisyonè nan mitan mwa Fevriye 2020 an, Mwen te pale ak anpil Pwopriyetè Medayon yo epi Moun ki gen lisans TLC yo, ki reprezante tout sektè yo, sou fason nou ka rebati ansanm Endistri nou renmen anpil la, ak yon atansyon espesyal sou pati ki gen plis bezwen yo, ki gen ladan Taksi yo, Machin nwa Tradisyonèl yo ak Machin Livrezon yo. Nou diskite sou fason nou ka eksplwate pi bon teknoloji ak règleman nan tout sektè yo, epitou asire Chofè ak Pasaje yo kapab santi yo san danje pandan y ap vwayaje anba mezi espesyal pou COVID-19 yo tankou pwoteksyon pou figi.

9 Mas 2021, Majistra de Blasio avèk Mwen te anonse yon Plan \$65 milyon Vil la finanse pou Ede Pwopriyetè Medayon Taksi yo. Daprè Plan an, Vil la ap bay chak grenn moun pami Pwopriyetè Medayon yo \$20,000 pou itilize kòm yon peman davans pou fasilite restriktirasyon prè aktyèl yo a ki gen rapò ak Medayon yo avèk objektif pou wè dèt jeneral yo ak peman chak mwa yo redwi anpil. Akòz sitiyasyon chak Pwopriyetè Medayon diferan, Plan an bay mwayen ki nesèsè pou renegosye kondisyon ki bon pou prè endividyèl Pwopriyetè Medayon an, san Vil la pa etabli yon valè obligatwa pou tout medayon yo epi san ekspozè tout mache a, a yon seri risk ki ensèten. Vil la pral bay Pwopriyetè Medayon yo jiska \$9,000 pou kouvri sis (6) mwa peman prè apre chak restriktirasyon, Pwopriyetè Medayon an ta dwe bezwen asistans anplis ak peman chak mwa yo pandan ekonomi Vil la rekòmanse ouvri.

Natirèlman, valè peman sa yo pou pwopriyetè medayon yo ka vo pi plis pase \$20,000. Nou kwè Plan nou an ap ka diminye plizyè santèn milyon dola nan dèt Pwopriyetè medayon yo gras ak restriktirasyon an. Fè vit, epi nou ankouraje Pwopriyetè Medayon ki entèrese yo pou voye yon mesaj pa imèl nan [MRP@tlc.nyc.gov](mailto:MRP@tlc.nyc.gov) ak enfòmasyon kontak yo.

Pati ki enterese yo kapab jwenn enfòmasyon tou lè yo pran yon randevou ak Sant Resous pou Pwopriyetè-Chofè TLC a (the TLC's Owner-Driver Resource Center) nan <https://portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov/eligibility/>.

### **PWOGRAM KREDI POU FÈ PEWÒL PANDAN PANDEMI AN (PANDEMIC PAYROLL PROTECTION LOANS)**

Peryòd Pwogram Kredi Pou Fè Pewòl Pandan Pandemi an ap fini 31 Mas, epi ou ka aplike nan <https://www.sba.gov/> Ou ka pran randevou ak Sant Resous Pwopriyetè/Chofè TLC a (the TLC's Owner/Driver Resource Center) si ou bezwen sipò pou aplikasyon w lan. Ti biznis yo, tankou Baz yo ak Pwopriyetè Medayon yo, ka kalifye pou jwenn yon prè pou kouvri depans tankou lwaye, ipotèk, oswa konje medikal. Leta garanti prè yo a yon enterè ki rive jiska 1% chak ane epi yo kapab efase yo. Akòz yo bay yon dèlè ki kout, li enpòtan pou ou kontakte Sant Resous pou Pwopriyetè/Chofè a (the Owner/Driver Resource Center) imedyatman pou pran randevou nan <https://portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov/eligibility/>.

### **KONFERANS POU BAZ**

2 Mas, TLC a te kòmanse fè yon seri diskisyon konferans ak Baz TLC ki gen Lisans nan tout vil la. Konferans sa yo pèmèt Baz yo gen chans pou yo kolabore ak pèsònèl Aplikasyon, pèsònèl Lisans, ak pèsònèl Pouswit TLC a nan tan reyèl pou yo ka bonjan kolabore nan tout konfòmite. Kòmantè nou resevwa nan Baz yo pral ede nou ranfòse relasyon yo avèk TLC a, epitou li ap ede Ajans nou an fè aplikasyon yo ak plis estrateji epi ak plis respè.

### **PWOTEKSYON POU FIGI**

Sekirite Chofè ki gen Lisans TLC yo ak Pasaje yo se youn nan prensipal priyorite TLC. Mask yo se yon fason ki bon anpil pou anpeche COVID-19 la pwopaje. Konsèy tounèf ki soti nan Depatman Sante Vil New York la (the New York City Health Department) di nou lè nou mete de (2) pwoteksyon pou figi sa ka bay plis pwoteksyon nan ogmante kantite kouch la ak fè l pi byen rete. Ou ka itilize yon sèl pwoteksyon pou figi ki fèt ak twal epi yon mask ki ka jete ansanm nan menm moman an. Mete mask ki ka jete a pi pre figi ou, epi mask pou figi ki fèt ak twal la anlè. Si w ap mete yon mask KN95, konsèy la [rekòmande](#) pou w mete l pou kont li.

### **VAKSEN POU TOUT MOUN**

Vaksen yo se pi bon fason pou konbat COVID-19 la, epi gen twa vaksen ki disponib kounye a nan Vil New York. Sa ki pi bon an se li menm ki disponib pou ou a. Tout Chofè ki gen Lisans TLC yo kalifye pou vaksen COVID-19 la, ni rezidan New York yo ki gen 60 lane oswa pi plis. Vaksen yo disponib pou Nouyòkè yo kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo, epi yo p ap janm poze w kesyon sou sitiyasyon w nan yon sit vaksinasyon. Ou ka pran yon randevou nan [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov), oswa lè w rele 877-VAX-4NYC (877-829-4692).

Menm jan ak fason Moun ki gen Lisans TLC yo te ede Vil New York goumen kont COVID-19 la, nan bay Nouyòkè ki vilnerab yo manje, Chofè ki gen Lisans TLC yo tou te devan pou kondwi enfimyè yo pou al bay vaksen a rezidan nan vil la ki oblije rete lakay yo. Nou apresye travay di y ap fè a anpil anpil epi nou ankouraje nenpòt moun ki bezwen yon vaksen lakay li pou pran yon randevou nan <https://forms.cityofnewyork.us/f/homebound>.

Pandan plis Nouyòkè kontinye ap pran vaksen an, li toujou trè enpòtan pou tout moun ki gen Lisans TLC yo fè tès pou COVID-19 la regilyèman. Pandan efò tèt ansanm lan ap kontinye avèk NYC Test and Trace Corps la (Kò pou Tès ak Tras nan Vil New York la), TLC External Affairs (Afè Ekstèn TLC) te fè Senkyèm Evènman Minisipal li a nan [Mèkredi 17 Mas, nan Harlem, nan Marcus Garvey Park \(Plas Marcus Garvey la\)](#). Tès pou COVID-19 yo mache fè kay moun, ekipman pwoteksyon pèsònèl, ak lòt resous yo te mete disponib pou tout Moun ki gen Lisans TLC yo ki te asiste evènman an.

Mèsj,

Aloysee Heredia Jarmoszuk  
Komisyonè ak Prezidan  
Komisyon pou Taksi ak Limouzin nan Vil New York  
33 Beaver Street, New York, NY 10004